Pertemuan/Kelas : 6/VIII
Hari, tanggal : Selasa, 25 Agustus 2026
Bab : Bab 2 Kausastraan

Tugas 3

A. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d ing ngarep wangsulan kang trep!

1. Tembang pirang-ppirang pada kang isih sajenis kasebut…
   a. Guru gatra
   b. Pupuh
   c. Pada
   d. Wanda
2. Pakecapan kasebut uga…
   a. Guru gatra
   b. Pupuh
   c. Pada
   d. Wanda
3. Cacahe gatra saben sapada kasebut….
   a. Guru gatra
   b. Pupuh
   c. Pada
   d. Wanda

Gatakne paugarane tembang inng ngisor iki kanggo mangsuli soal nomer 4 lan 5!

1) 12u, 6a, 8i, 12a
2) 12i, 6a, 8i, 8a
3) 12u, 8i, 8u, 8i, 8o
4) 7u, 10u, 12i, 8u, 8o

4. Paugarane tembang Megatruh ditujokake angka….
   a. (1)
   b. (2)
   c. (3)
   d. (4)
5. Paugarane tembang Gambuh ditujokake angka…
   a. (1)
   b. (2)
   c. (3)
   d. (4)
6. Panulising kasusastran Jawa klebu serat biyasane migunakake basa…
   a. Kawi
   b. Krama
   c. Ngoko
   d. Kasusastran
7. Ngowahi tembang kang wujude pupuh utawa pada dadi gancaran utawa prosa kasebut…
   a. Nggacarake
   b. Nganggit
   c. Ngarang
   d. Ngowahi
8. Sasmitaning tembang Gambuh, yaiku.
   a. Kambang-kambang
   b. Wujiling tapa
   c. Murweng gambuh
   d. Bapak pocung

9. watak aigang dicontokake dening kewan…
   a. Baya
   b. Gajah
   c. Kidang
   d. Ula
10. Watake tembang gambuh, yaiku….
   a. Sasenange
   b. Susah, nelangsa, prihatin, kelara-lara
   c. Susah, sedhih, keranta-ranta
   d. Lugas, blaka, tanpa ragu-ragu

B. Genepana ukaara-ukara ing ngisor iki nganggo tembung-tembung kang trep!

Aja nganti kebanjur,
Sabarang polah kang nora jujur,
Yen kebanjur sayekti kojur tan becik,
Becik ngupayaa iku,
Pitutur ingkang sayektos

1. Tembang ing ngarep, kalebu tembag….
2. Guru wilangan lan guru lagu gatra kaloro, yaiku….
3. Guru wilangan lan guru lagu gatra kepapat, yaiku….
4. Tegese gatra katelu, yaiku….
5. Tegese gatra kalima, yaiku….

C. Garapen manut prentahe!
   1. Jlentrehna gunane paugeran ing tmbang macapet!
   2. Jlentrehna sasmitane tembang gambuh!
   3. Ana ing serat Wulangreh pupuh Gambuh iku isine ana pirang pada tembang?
   4. Gatekna tembang ing ngisor iki!

      Pitutur bener iku,
      Sayektine apantes tiniru,
      Nadyan metu saking wong sudra papeki,
      Lamun becik nggone wuruk,
      Iku pantes sira anggo.

      Tembang ing ndhuwur, tulisna paugerane lan gancarane!
   5. Gatekna tembang ing ngisor iki!

      Ana pocapanipun,
      Adigua adigang adigung,
      Pan adigang kidang adiguna pan esthi,
      Adiguna ula iku,
      Telu pisan mati sampyoh.

      Jlentrehna surasena tembang iku!